**ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ JOQARÍ BILIMLENDIRIW, ILIM HÁM INNOVACIYALAR MINISTRLIGI**

**ÁJINIYAZ ATÍNDAĞÍ NÓKIS MÁMLEKETLIK PEDAGOGIKALÍQ INSTITUTÍ**

**«Tastıyıqlayman»**
Ájiniyaz atındağı NMPI rektorı
w.w.a.____________K.Kadirov
Dizimge alındı №__________
«29» «06» 2024-jıl

# "QARAQALPAQ ÁDEBIYATÍ TARIYXÍ" (XVIII-XIX ásirler) PÁNININŃ OQÍW BAĞDARLAMASÍ

| | |
|---|---|
| **Bilim tarawı:** | 100000 – Gumanitar |
| **Tálim tarawı:** | 110000 – Pedagogika |
| **Tálim bağdarı:** | 60111500 –Ana tili hám ádebiyatı (Qaraqalpaq tili hám ádebiyatı) |

Nókis-2024

| Pán/modul kodı | Oqıw jılı<br>2024-2025 | Semestr<br>III | ECTS - Kreditler<br>4 |
|---|---|---|---|
| **Pán/modul túri**<br>Májbúriy | **Tálim tili**<br>Qaraqalpaq | | **Háptedegi sabaq saatları**<br>4 |

| | Pánniń ataması | Auditoriyalıq sabaqlar (saat) | Óz betinshe tálim (saat) | Jámi júkleme (saat) |
|---|---|---|---|---|
| **1.** | **Qaraqalpaq ádebiyatı tariyxı (XVIII-XIX ásirler)** | **60** | **60** | **120** |

## I. PÁNNIŃ MAZMUNI

**Pándi oqıtıwdaǵı amaqset** – talabalarǵa qaraqalpaq xalqınıń uzaq tariyxqa iye milliy ádebiyatınıń tariyxı boyınsha bilimleriniń teoriyalıq tiykarların, qaraqalpaq milliy ádebiyatınıń ózine tán rawajlanıw jolların, rawajlanıwındaǵı tariyxıy basqıshların, sonday-aq, hár bir ádebiy-tariyxıy dáwirdiń ózine tán ósiw principlerin úyretiw hám olardı ámeliyatta qollanıw kónlikpelerin payda etiwden ibarat.

**Pánniń wazıypası** - teoriyalıq bilimler, ámeliy kónlikpeler, Qaraqalpaq ádebiyatı tariyxı, sonıń ishinde, XVIII-XIX ásirdegiq araqalpaq ádebiyatın, sol dáwirdegi ádebiy processti túsiniwge metodikalıq jantasıw hám ilimiy dúnyatanıwın qáliplestiriw, ádebiyat hám folklor, jazba realistlik avtorlıq ádebiyat hám tariyxıy jáne kórkem shınlıq arasındaǵı baylanıs máselelerin biliw, olarǵa óziniń jeke kózqarasın hám qatnasın qaliplestiriw arqalı isannıń ómirdegi ornı jáne áhmiyetin ashıp beriw

## II. TIYKARǴI TEORIYALIQ BÓLIM (LEKCIYA SABAQLAR)

### II.I. Pán quramına tómendegi temalar kiredi:

**1-tema. Kirisiw**

Pániniń predmeti hám wazıypaları. Dáwirge tariyxıy-siyasiy, jámiyetlik-mádeniy sıpatlama; XVIII ásirdegi ádebiy miyraslar; XVIII ásir qaraqalpaq ádebiyatında Jiyen jırawdıń ornı. XIX ásir qaraqalpaq ádebiyatı

**2-tema: XVIII ásirdegi qaraqalpaq mádeniy-ádebiy ortalıǵı hám ádebiy baylanıslar**

XVIII ásirdegi qaraqalpaq xalqınıń tariyxı, ruwxıy turmısı, mádeniyatı hám ádebiy ortalıǵı. Bul dáwir ádebiyatındaǵı lirikalıq janrlar. Terme-tolǵawlar. Ádebiy baylanıslar

**3-tema. Jiyen jıraw Amanlıq ulınıń ómiri hám dóretiwshilik jolı**

XVIII ásirdegi ádebiy miyraslar. Jiyen jıraw Amanlıq ulınıń ómiri. Jiyenniń terme-tolgawları. Jiyen jıraw jasaǵan dáwirindegi jámiyetlik-siyasiy hám sociallıq jaǵdaylar. "Posqan el tolǵawı. Jiyen dóretiwshiliginiń ideyalıq-tematikalıq bagdarı. Jiyenniń tolgaw hám terme tolgawlarına janrlıq analiz. «Posqan el», «Ullı taw» – tariyxıy-epikalıq tolgaw ekenligi. Jiyen shıǵarmalarınıń

kórkemlik ózgesheligi.

**4-tema: XIX ásirdegi qaraqalpaq lirikasınıń janrlıq ózgeshelikleri hám klassifikaciyası**

XIX ásirdegi qaraqalpaq lirikasınıń janrlıq ózgeshelikleri. Mazmunı boyınsha ajıralatuǵın qosıqlar. Didaktikalıq qosıqlar. Publicistikalıq qosıqlar. Muhabbat qosıqları. Yumor-satiralıq qosıqları. Maqtaw janrındaǵı qosıqlar. Nalısh qosıqları.

**5-Tema: XIX ásir qaraqalpaq lirikasınıń poetikalıq forması boyınsha jikleniwi**

XIX ásir qaraqalpaq lirikasınıń poetikalıq forması boyınsha jikleniwi. Qaraqalpaq poeziyasında ǵázzel janrı. Murabbalar. Tórtlikler. Muxammesler hám muhashshaqlar. Lirikalıq poemalar menen birge dástanlıq shıǵarmalar.

**6-tema. Kúnxoja Ibrayım ulınıń ómiri hám dóretiwshilik jolı.**

Kúnxoja jasaǵan dáwirge jámiyetlik-siyasiy hám tariyxıy sıpatlama. Qaraqalpaqlardıń otırıqshı xalıq sıpatında óz mádeniyatına iye bolıwı. XIX asir qaraqalpaq ádebiyatı. XIX ásirdegi ádebiy baylanıslar, sawatlılıqtıń rawajlanıw jolı. Kúnxoja Ibrayım ulınıń ómiri hám dóretiwshilik jolı; Kúnxojanıń jasaǵan dáwiri hám ádebiy ortalıǵına sıpatlama. Shayır shıgarmalarınıń ideyalıq-tematikalıq baǵdarı, jıynalıw hám basıp shıǵarılıw tariyxı. Kúnxoja shıǵarmalarınıń ideyalıq-tematikalıq baǵdarı. Shayırdıń aytısları haqqında. Kúnxoja hám jazba adebiyat.Kúnxoja shayırdıń shıǵarmalarınıń janrlıq sıpatı.

**7-tema. Ájiniyaz Qosıbay ulınıń ómiri hám dóretiwshilik jolı**

Ájiniyaz Qosıbay ulınıńómiri haqqında. Ájiniyaz Qosıbay ulınıń jasaǵan dáwirindegi jámiyetlik - siyasiy hám sociallıq jaǵdaylar. Ájiniyaz shıǵarmalarınıń jıynalıw ham izertleniw tariyxı. Ájiniyazdıń aytıs sheberi.

**8-tema. Ájiniyaz shıǵarmalarınıń janrlıq ózgeshelikleri**

Ájiniyaz shıǵarmalarınıń ideyalıq-tematikalıq baǵdarı, kórkem-dóretiwshilik jolı. Ájiniyazdıń Watan temasındagı qosıqları, muhabbat lirikası. Filosofiyalıq lirikası. Didaktikalıq lirikası. Ájiniyaz dóretpelerinde Shıgıs adebiyatı dástúrleri. Shıǵarmalarınıń korkem tili. «Bozataw» shıǵarması. Ideyası, janrı. Shıǵarmanıń kórkem tili, obrazlar sisteması, syujeti. «Bozataw» tariyxıy shıǵarması, janrlıq sıpatları, engizgen jańa dástúri, lirikalıq qaharman obrazı. Tariyxıy shınlıq hám kórkem shınlıq.

**9 -tema. Ájiniyaz dóretiwshiliginde Shıǵıs poeziyası dástúrleri**

Ájiniyaz shıǵarmalarında jazba ádebiyat dástúri. Folklorlıq dástúr. Maqtumqulı dástúri, Nawayı hám Fizuliy dástúrleri. Shıǵıs ádebiyatında tán bolǵan obraz jasaw usılları.

**10-tema. Berdaq Ǵarǵabay ulınıń ómiri hám dóretiwshilik jolı**

Berdaq Ǵarǵabay ulınıńómiri hám jasaw ortalıǵı. Shayır dóretiwshiliginiń jıynalıw hám izertleniw tariyxı. Tariyxıy shınlıq hám kórkem shınlıq. Berdaq-

lirik shayır. Berdaqtıń aytısları. Berdaqtıń lirikasi hám onıń izertlengiwi, tematikalıq-ideyalıq bağıtı.Berdaqtıń tariyxıńy-epikalıq shıǵarmaları. Berdaq-lirik shayır; Berdaqtıń baqsıshılıq óneri. Berdaqtıń obraz jasaw sheberligi. Shayır dóretpelerinde folklorlıq dástúr, kórkem tili, shıǵarmalarınıń jetiskenligi.

**11-tema. Berdaqtıń dástanlıq shıǵarmaları**

Berdaq shayırdıń tariyxıy dokumentallıq dóretpeleri «Amangeldi», «Aydos baba», «Ernazar biy» shıǵarmaları. Tariyxıy dokumentallıq emes dástanlıq shıǵarmaları «Aqmaq patsha», «Ráwshan», «Erkebay» dástanları.

**12-Tema: Berdaqtıń shejire janrındaǵı shıǵarması**

Túrkiy xalıqları hám qaraqalpaq ádebiyatı tariyxında shejireler. Shejirelerdiń tariyxı-ádebiy janr sıpatında ómir súriwi. Berdaqtıń “Shejire” shıǵarmasınıń janrlıq ózgesheligi. Tariyxıy kocepciyası.

**13-tema. Shayırlar aytısı**

Aytım hám aytıslardıń xalqımız ótmishinde olardıń ruwxiy dún`yasinda tutqan ornı; Aytım hám aytıslardıń payda bolıwı xalıq poeziyasına aralasıwı; Aytım hám aytıslardı atqarıwshılar, olardıń dáwirdińótiwi menen qollanılıwı.

**14-tema. Otesh Alshınbay ulınıń ómiri hám dóretiwshilik jolı**

Ótesh Alshınbay ulınıń ómiri, jasaǵan ortalıǵı. Shayır shiǵarmalarınıń ideya-tematikalıq baǵdarı. Shıǵarmalarınıń janrlıq ózgesheligi; Qosıqlarınıń kórkemlik ózgesheligi; Óteshtiń lirikası, «Bolar», «Qarız alma», «Kórdim», «Kók ózek» h.t.b. qosıqları, satirik shayırlıǵı,hayal-qızlar temasindaǵı qosıqları.

**15-tema. Gulmurat hám Saraıbay shayırdıń ómiri hám dóretiwshiligi**

Shayırdıń ómiri hám jasaǵan ortalıǵı; Gúlmurattıń XIX ásir qaraqalpaq ádebiyatındaǵı ornı; Shayır dóretpelerinde psixologizm; Dóretpeleriniń kórkemlik ózgesheligi; Lirikadaǵı psixologizm, peyzaj arqalı ideya beriw usili, kórkem tili, simvolikalıńq súwretlew, «Qayrawda jalǵız ǵaz», «Qayda baraman», «Nadan ekenseń» qosıqları.

Sarıbay shayır ómiri hám jasaǵan ortalıǵı; XIX ásir qaraqalpaq ádebiyatında Sarıbay shayırdıń ornı. Shayır shıǵarmalarınıń janrlıq hám formalıq ózgesheligi; Saprıbay tımsalshı-shayır, aytıstıń túrleri haqqında, kórkem izlenisleri, kórkem tili; «Qurısın jasım, qurısın», «Jarǵanat penen aytıs», «Shımshıq penen aytıs» qosıqları; kórkem tili, lirikalıq qaharman máselesi.

**III. Seminar sabaqlar boyınsha kórsepe hám usınıslar.**

**Seminar sabaqlar ushın tómendegi temalar usınıs etiledi:**

1. XVIII ásirdegi qaraqalpaq ádebiyatınıń tariyxıy rawajlanıw tendenciyası
2. Jiyen jırawddıń «Posqan el» tolǵawı
3. XIX ásir qaraqalpaq xalqınıń ádebiy ortalıǵı

4. Kúnxojanıń nalısh hám publicistikalıq qosıqları
5. Kúnxojanıń yumor-satiralıq qosıqları
6. Ájiniyazdıń didaktikalıq qosıqları
7. Ájiniyaz shayırdıń nazira janrındaǵı qosıqları
8. Ájiniyaz poeziyasında murabba hám muxammesler
9. Berdaqtıń publicistikalıq hám nalısh janrındaǵı qosıqları
10. Berdaqtıń yumor-satiralıq shıǵarmaları
11. Berdaqtıń  tariyxıy temadaǵı «Aydos baba», «Ernazar biy» shıǵarmaları
12. XVII-XIX ásirlerdegi qaraqalpaq shayırlar aytısı
13. Ótesh shayırdıń kórkemlik dúnyası
14. Gúlmurat - lirik shayır
15. Sarıbay – lirik shayır

Seminar sabaqlar multimediya úskeneleri hám basqa úskeneler jáne basqa texnologiyalar menen támiynlengen auditoriyada hár bir akademiyalıq toparǵa óz aldına ótiledi.Sabaqlardı ótiw usılları hár túrli kórinislerde bolsada, aktiv hám interaktiv metodlardan kóbirek qollanılıwı maqsetke muwapıq boladı. Sonday-aq, sabaqlar dawamında ámeliy sharayatlar, mashqalalı tapsırmalar, "Keys-stadi" texnologiyaları oqıtıwshı tárepinen beriledi. Kórgizbe materialları da xabar-multimediya úskeneleri járdeminde beriledi.

## IV. ÓZBETINSHE BILIM HÁM ÓZBETINSHE JUMISLAR

### Qaraqalpaq ádebiyatı tariyxı (XVIII-XIX ásir)» páninen óz betinshe tálimdi shólkemlestiriw boyınsha kórsetpeler

1. Seminar hám ámeliy shınıǵıwlarǵa tayarlıq kóriw hám úy jumısların orınlaw
2. Máseleler (kazus)lar dúziw
3. Berilgen dáreklerdi awdarma islew
4. Pán  boyınsha belgilengen bir tema boyınsha esse jazıw
5. Ilimiy konferenciyaǵa tezis tayarlaw
6. Berilgen tema boyınsha referat jumısın tayarlaw

**3.** **V. Pán oqıtılıwınıń nátiyjeleri (qáliplesetuǵın kompetenciyalar)**

Pándi ózlestiriw nátiyjesinde talaba:

•Qaraqalpaq ádebiyatı tariyxınıń rawajlanıw principlerin ańlaw, ádebiyattıń tariyx penen baylanısın biliw hám kórkem sáwleleniw qaǵıydaların túsiniw arqalı kórkem ádebiyattıń rawajlanıw teoriyası haqqında ***túsinik hám bilimge iye bolıwı***;

| | |
|---|---|
| | •Qaraqalpaq ádebiyatı tariyxınıń rawajlanıw teoriyasınıń tiykarların, ádebiyattıń ósiwindegi tiykarǵı principlerdi, túsiniklerlerdi jáne rawajlanıw ózgesheliklerin biliw hám olardan paydalanıw ***kónlikpelerine iye bolıwı***;<br>• talaba qaraqalpaq ádebiyatınıń rawajlanıw processlerin talqılaw usılların qollanıp, ádebiyattıń mashqalaları boyınsha sheshimler qabıl etiw uqıbına ***iye bolıwı kerek.*** |
| **4.** | **VI. Tálim texnologiyalari hám metodlari:**<br>•lekciyalar;<br>•interaktiv keys-stadiler;<br>•seminarlar (logikalıq piklew, blic sawal-juwaplar);<br>•toparlarda islew;<br>•prezentaciyalar islew;<br>•individual joybarlar;<br>•jámáát bolıp islew hám qorǵaw ushın joybarlar. |
| **5.** | **VII. Kreditlerdi alıw ushın talaplar:**<br>Pánge tiyisli teoriyalıq hám metodikalıq túsiniklerdi tolıq ózlestiriw, analiz nátiyjelerin durıs sáwlelendire alıw, úyrenilip atırǵan processler haqqında erkin pikirlew hám kúndelik, aralıq baqlaw formalarında berilgen wazıypa hám tapsırmalardı orınlaw, juwmaqlawshı baqlaw boyınsha jazba jumısın yaki awız-eki imtixan tapsırıw. |
| **6.** | **Tiykarǵı ádebiyatlar**<br>1.Mámbetov K. Erte dáwirdegi qaraqalpaq ádebyaitı. – Nókis: Bilim, 1992. -248 b.<br>2.Jarimbetov Q. XIX ásir qaraqalpaq lirikasınıń janrlıq qásiyetleri hám rawajlanıw tariyxı. – Nókis: Bilim, 2004.<br>3.Dáwqaraev N. Shıǵarmalarınıń tolıq jıynaǵı. II tom. – Nókis: 1977.<br>4.Mambetov K. Ájiniyaz. – Nókis: Bilim, 1994.<br>5.Paxratdinov Á. Berdaq shayırdıń dástanlıq shıǵarmaları. –Nókis: Qaraqalpaqstan, 1987.<br>6.Hamidov H. Shıǵıs tillerindegi jazba dárekler hám XIX ásirdegi qaraqalpaq shayırları. – Nókis, 1991.<br>**Qosımsha ádebiyatlar**<br>1.Mambetov K. Qaraqalpaq tolǵawları. – Nókis: Bilim, 1995.<br>2.Álewov Ó. Qaraqalpaqstanda tálim-tárbiyalıq oylardıń qáliplesiwi hám rawajlanıwı. Nókis: Bilim, 1993.<br>3.Karimov A. Jiyen jırawdıń ómiri hám tvorchestvosı. –Nókis: Qaraqalpaqstan, 1963.<br>4.Ismaylov B. Kúnxojanıń ómiri hám tvorchestvosı. –Nókis: Qaraqalpaqstan, 1961. |

| | |
|---|---|
| | 5.Tilewmuratov M. Qaraqalpaq poeziyası - tariyxıy dárek. Nókis: Qaraqalpaqstan, 1994.<br>6.Qálimbetov B. Ájiniyazdıń lirikası. –Nókis: Bilim, 1981.<br>7.Qaraqalpaqstan tariyxı. (Áyyemgi zamannan biziń kúnlermizge deyin) – Nókis: Qaraqalpaqstan, 1989.<br>8.Bayniyazov Q. Qosıqtıń kúshi. – Nókis, «Qaraqalpaqstan», 1981.<br>9.Murtazaev A. Shayırdıń muhabbatı. – Nókis: Qaraqalpaqstan, 1988.<br>10.Paxratdinov Á. Ájiniyaz shayırdıń kórkemlik dúnyası. –Nókis: Qaraqalpaqstan, 2014.<br><br>**Internet saytları**<br>1. www.tdpu.uz<br>2. www.pedagog.uz<br>3. www.ziyonet.uz |
| **7.** | Ájiniyaz atındağı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı tárepinen islep shığılğan hám tastıyıqlanğan. «___»____2024. ___-sanlı bayanlama. |
| **8.** | **Pán/modul ushın juwapker:**<br>**K.Matimov** – Ájiniyaz atındağı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı «Qaraqalpaq ádebiyatı» kafedrası úlken oqıtıwshısı, filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD) |
| **9.** | **Pikir bildiriwshiler:**<br>I.Mambetov – Berdaq atındağı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti «Qaraqalpaq ádebiyatı» kafedrası docenti wazıypasın atqarıwshısı, filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD)<br>H.Allambergenov – Ájiniyaz atındağı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı «Ózbek ádebiyatı» kafedrası docenti wazıypasın atqarıwshısı, filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD) |